दिन–शनि दिनांक–02.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग द्वारा संक्षिप्त मतदाता पुनरीक्षण कार्यक्रमक अंतर्गत आइ प्रदेशक सभ मतदान केन्द्र पर द्विदिवसीय विशेष शिविरक आयोजन कयल गेल। एहि शिविरक माध्यम सँ लोक सभ मतदाता सूची मे नाम सम्मिलित करबा, हटेबा आ संशोधनक लेल आवेदन देलनि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच.आर. श्रीनिवास जनौलनि जे एहि अभियानक अंतर्गत काल्हि सेहो विशेष शिविरक आयोजन कयल जायत। ओ जनौलनि जे तेईस आ चौबीस नवंबर के सेहो सभ मतदान केन्द्र पर शिविर आयोजित कयल जायत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी जनौलनि जे ई अभियान अट्ठाईस नवंबर धरि चलत। ओ जनौलनि जे लोक सभ मतदाता सूची मे नाम जोड़एबा, हटेबा आ एहि मे कोनो प्रकारक बदलावक लेल कखनहुं प्रखंड विकास पदाधिकारी कार्यालय या निर्वाची पदाधिकारीक कार्यालय मे आवेदन कयल जा सकैत अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी जनौलनि जे लोक सभ हेल्पलाइन ऐप के माध्यम सँ सेहो ऑनलाइन आवेदन कऽ सकैत छथि।

---

स्मार्ट प्रीपेड बिजली मीटरक सर्वर मे तकनीकी खराबी अयबाक कारणे राज्यक लाखों बिजली उपभोक्ता प्रभावित भेलाह अछि। ऊर्जा विभागक सचिव पंकज कुमार पाल जनौलनि जे स्मार्ट मीटर ऐप मे आयल समस्याक शीघ्रहि समाधान कऽ लेल जायत। ओ जनौलनि जे लोक सभ ऐप ठीक होयबा धरि सुविधा ऐप या बिजली कंपनीक वेबसाईटक माध्यम सँ रिचार्ज कऽ सकैत छथि। श्री पाल जनौलनि जे सर्वरक समस्या ठीक होयबा धरि किनकहुं बिजली नहि काटल जायत।

---

पेंशन आ पेंशनभोगी कल्याण विभाग पेंशनधारी लोकनिक डिजिटल जीवन प्रमाण पत्र बनेबाक लेल विशेष अभियानक प्रारम्भ कयलक अछि। देशभरिक आठ सय शहर मे तीस नवंबर धरि ई अभियान चलत। एहि लेल विभाग इंडिया पोस्ट पेमेंट्स बैंकक संग समझौत कयलक अछि। अभियानक अंतर्गत पेंशनभोगीक चेहरा प्रमाणीकरण आ बायोमीट्रिक सत्यापनक प्रक्रिया होयत। डाकघर जाकऽ डिजिटल जीवन प्रमाण पत्र बनबयवला पेंशनधारी सभ के कोनो प्रकारक शुल्क नहि देबाक होयत। ओतहि, घर बैसल एहि सेवाक लाभ लेबाक लेल सत्तरि टाकाक भोगतान करब होयत।

———————————————————————

राष्ट्रीय जाँच एजेंसी–एनआईए मुजफ्फरपुर जिलाक फकुली थाना क्षेत्र अंतर्गत मनकौली गाम मे ए.के–सैंतालीस राईफल बरामद होयबाक जाँच आरम्भ कऽ देलक अछि। गृह मंत्रालयक अनुशंसा पर एनआईए एहि मामिला मे नव केस दर्ज कयलक। एनआईए पटना शाखाक इंस्पेक्टर अभिषेक कुमार एहि मामिला मे मुख्य जाँच पदाधिकारी नियुक्त कयल गेलाह अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला मई मास मे एसटीएफ आ पुलिसक टीम मनकौली गाम सँ तीन हथियार तस्कर के ए.के. सैंतालीस राईफलक संग गिरफ्तार कयने छल।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्री केदार प्रसाद गुप्ता कहलनि जे पंचायत प्रतिनिधि सभक मानदेयक भोगतान छठि पूजा सँ पहिने कऽ देल जायत। ओ जनौलनि जे एहि संबंध मे अधिकारी सभ के निर्देश देल गेल अछि। श्री गुप्ता जनौलनि जे मानदेय भोगतानक लेल पर्याप्त राशि उपलब्ध अछि।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे आइ सेहो गोवर्धन पूजा आ अन्नकूटक पावनि–तिहार पारम्परिक हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। गोवर्धन पूजाक अवसर पर पशुपालक लोकनि द्वारा अपन पशु सभक पूजा कयल जाइत अछि। एकर संगहि कतेको ठाम पारम्परिक खेलक सेहो आयोजन कयल गेल अछि। एम्हर, भातृद्वितिया–भरदूतिया आ चित्रगुप्त पूजा काल्हि मनाओल जायत।

———————————————————————

पटना आ बेगूसरायक मध्य गंगा नदी पर बनल राजेन्द्र सेतु पर मरम्मतिक काजक कारणे आइ राति आठ बजे सँ काल्हि छओ बजे धरि सेतु के सड़क मार्ग पर वाहन सभक परिचालन बंद रहत। एहि दरमियान एम्बुलेंस सहित आन आवश्यक सेवा सँ जुड़ल वाहन सभक आवाजाही पहिने जकां जारी रहत।

———————————————————————

मौसम विभाग जनौलक जे अगिला पाँच दिन धरि प्रदेशक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे अगिला तीन दिन धरि सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा आ पूर्णियां सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे छठि महापावनिक तैयारी के लऽकऽ गंगा घाट सभ के निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार सफाई, सुरक्षा, आ श्रद्धालु लोकनिक सुविधाक लेल कयल जा रहल व्यवस्था सभक जायजा लेलनि। ओ अधिकारी सभ के छठि पावनिक दरमियान सुरक्षाक चाक–चौबंद इंतजाम करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक फुलपरास थाना क्षेत्रक खोफा चौक लऽग एक तेज गतिक पिकअप वैनक चपेट मे अयबा सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक छौराही थाना क्षेत्र मे शौचालयक टंकी मे खसबा सँ एक दम्पत्तिक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

समाप्त